

Asistans Legal gratis pou katastwòf ki disponib pou moun nan Kawolin di Nò

Release Date: Novanm 7, 2024

RALEIGH, N.C. – Konsèy legal, asistans ak referans gratis ki gen rapò ak katastwòf yo disponib pou pwopriyetè kay ak lokatè ki kalifye nan Kawolin di Nò nan konte ki deziyen pou katastwòf yo pandan y ap refè apre tanpèt tropikal Helene. Moun pa bezwen aplike pou asistans FEMA pou resevwa sèvis legal pou katastwòf.

Sivivan ki gen revni fèb yo ka itilize sèvis sa a pou resevwa asistans legal konfidansyèl gratis akòz katastwòf yo, men yo pa gen mwayen pou jwenn bon jan sèvis legal yo.

Sèvis tipik yo enkli asistans ak:

- Règleman ak reklamasyon asirans.
- Pwoblèm sezi ak ipotèk.
- Kontra reparasyon kay ak kontraktè.
- Konfli pwopriyetè-lokatè.
- Ranplasman dokiman.
- Enfòmasyon sou benefis gouvènman an.
- Kontestasyon FEMA.
- Fwòd.

Pou asistans legal, rele **1-866-219-5262** epi rele **2657**. Liy dirèk gratis la disponib 8:30 a.m. rive 4 p.m. nan jou lasemèn yo. Si w kontakte yo andeyò lè operasyon yo, sivivan yo ka kite yon mesaj vokal.

Avoka Sèvis Legal Dezas yo pa anplwaye FEMA. Yo se volontè ki bay sivivan yo konsèy legal, konsèy, epi, lè sa apwopriye, reprezantasyon legal nan ka ki pa gen frè ki pa fè kont Gouvènman Federal la. Sèvis la se yon patenarya ant North Carolina Bar Association, North Carolina Bar Foundation, Legal Aid of North Carolina, American Bar Association Young Lawyers Division ak FEMA.



FEMA

Page 1 of 2

Gen plis enfòmasyon sou asistans legal pou rezidan North Carolina yo disponib sou entènèt nan: legalaidnc.org/disaster.



FEMA

Page 2 of 2